

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan anu judulna “Réprésentasi Wanoja dina Rumpaka Kawih Album “Kagoda” nu Dipopulérkeun ku Dewi Azkiya (Ulikan Struktural jeung Féminisme” miboga tujuan pikeun ngaguar: 1) struktur rumpaka kawih dina album “Kagoda” nu ngawengku struktur lahir jeung struktur batin, sarta 2) réprésentasi wanoja ngaliwatan pamarekan kritik sastra féminis. Pikeun ngahontal éta tujuan, ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif analisis kalawan pamarekan kritik sastra féminis sarta tiori struktural pikeun nganalisis unsur lahir batinna.

Struktur lahir rumpaka kawih dina album “Kagoda” ditilik tina unsur diksi, imaji, kecap kongkrit, gaya basa, jeung purwakanti. Sajumlah kawih nuduhkeun kréativitas dina pamakéan basa jeung gambaran nu kuat, tapi aya sawatara hal anu katitén teu konsistén dina wirahma jeung pilihan kecap nu harmonis. Sedengkeun struktur batinna ngungkabkeun téma, rasa, nada, jeung amanat nu jembar, utamana museurkeun kahirupan batin jeung perjuangan wanoja dina kahirupan sapopoé.

Ngaliwatan pamarekan kritik sastra féminis, ieu panalungtikan némbongkeun yén rumpaka-rumpaka dina “Kagoda” loba ngagambarkeun posisi wanoja nu kompléks minangka korban, minangka nu berjuang, minangka nu ngabales, nepi ka minangka subjék anu miboga hak jeung daya pikeun nangtukeun nasib sorangan. Aya sawatara kawih nu ngagambarkeun wanoja anu baruntak kana niléy patriarki, tapi aya ogé nu masih kénéh nyangking gambaran stéréotip ka wanoja, kyaning émosi nu lebay atawa tokoh wanoja nu gumantung ka lalaki.

Kacindekanna, kawih dina album “Kagoda” henteu saukur diposisikeun minangka hiburan musik, tapi ogé mangrupa médium eksprézi nu nyangking gambaran ngeunaan kamekaran batin jeung posisi sosial wanoja. Eusi rumpakana ngawengku rupa-rupa sikap wanoja ti mimiti narima, nalangsa, nepi ka baruntak nu ngagambarkeun konflik jeung kabaruntakan kana niléy patriarki nu masih kénéh karasa dina kahirupan sapopoé.

Ngaliwatan pamarekan féminisme, ieu panalungtikan némbongkeun kumaha kawih Sunda bisa dijadikeun bahan ulikan pikeun ngaguar réprésentasi wanoja dina karya sastra Sunda.

### **5.2 Implikasi**

Hiji panalungtikan tangtuna teu leupas ti nu ngaranna kaonjoyan jeung kahéngkéran. Kitu deui dina ieu panalungtikan, sacara umum miboga kahéngkéran dina sababaraha aspék. Sanajan kitu, ieu panalungtikan ogé mibanda kaonjoyan nu bisa jadi kontribusi dina widang paélmuan, utamana dina widang kasusastraan Sunda. Dumasar kana hasil panalungtikan, ieu panalungtikan dipiharep bisa nyumbang kana pamahaman ngeunaan peran wanoja dina sastra Sunda, ngaliwatan pamarekan kritik sastra féminis nu jarang digunakeun dina analisis kawih. Sajaba ti éta, ieu panalungtikan bisa museurkeun yén rumpaka kawih lain saukur karya hiburan, tapi ogé wahana éksprési sosial jeung émosional, hususna pikeun ngébréhkeun sora batin wanoja dina budaya Sunda.

Ku ayana ieu panalungtikan, dipiharep bisa jadi rujukan pikeun panalungtik séjén nu bakal nalungtikan rumpaka kawih, boh tina strukturalna, boh tina pamarekan tioritis séjén, pikeun ngeuyeuban khasanah élmu jeung fungsi sosial sastra Sunda dina kamekaran jaman kiwari.

### **5.3 Rékoméndasi**

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan réprésentasi wanoja dina kawih album “Kagoda”, kacida pentingna ngajadikeun karya kawih Sunda minangka bahan ulikan dina widang kasusastraan sabab kawih téh henteu saukur nyangking fungsi hiburan, tapi ogé bisa ngajéntrékeun krisis, perjuangan, jeung jati diri wanoja dina budaya Sunda. Kawih-kawih ieu nyangking sababaraha rupa émosional, kritik sosial, jeung éksprési kabaruntakan anu mangpaat pikeun muka wawasan ngeunaan posisi wanoja dina kahirupan jeung kasusastraan Sunda kiwari.

Sawatara saran atawa rékoméndasi ditujukeun pikeun pihak-pihak anu aya patalina jeung ieu panalungtikan nya éta 1) pikeun panalungtikan satuluyuna, 2) guru, jeung 3) sakumna masarakat anu maca ieu panalungtikan. **Pikeun**

**panalungtik satulunya**, dipiharep bisa ngamekarkeun ulikan kana karya sastra Sunda dina wengun jeung médium anu bédha (saperti drama, film, atawa sastra digital), ku pamarekan féminisme, struktural, atawa tiori séjéenna, sangkan interprétasi ngeunaan réprésentasi wanoja leuwih lega deui. **Pikeun guru**, disarankeun pikeun ngajardeun kawih Sunda minangka bagian tina pangajaran sastra di sakola, henteu saukur tina segi musicalna, tapi ogé tina eusi jeung gambaran sosial budaya nu aya di jerona. Ieu hal bisa ngarojatkeun kasadaran siswa kana isu gender, budaya, jeung ajén-inajén dina budaya Sunda. **Pikeun masarakat pamaca**, dipiharep bisa leuwih miara sarta mikaresep kawih Sunda, lain ngan saukur minangka hiburan, tapi ogé minangka gambaran tina kahirupan jeung aspirasi masarakat, utamana aspirasi wanoja. Ku kituna, ngadéngékeun jeung ngulik kawih Sunda téh bisa jadi salahsiji jalan pikeun nguatkeun rasa empati, kritik sosial, jeung pamahaman kana kabudayaan sorangan.